

Sipòte lang ak alfabetizasyon

15 mwa: Enpòtans ritm, rim, ak chante

Pitit ou ap eseye anpil nouvo mo e li bezwen èd ou pou li ka di yo byen. Chante ak ti rim timoun yo ede pitit ou remake epi jwe ak son yo, ritm lan oswa mo yo, aprann pale ak yon ti vwa ki anime, epi aprann devine ki mo ki pral vini apre. Lè ou ede pitit ou eksplòre son ak ritm lang li, ou ap ede l aprann ladrès ki enpòtan pou aprann li, ekri, epi fòme imaj nan tèt li ak mo yo.

Konsèy ak Aktivite



Jwèt “Ah-Choo” a: Mete yon objè sou tèt ou epi fè kòm si w ap etènye fò, konsa jwèt la ap tonbe soti sou tèt ou.

Chante chante ak jès, tankou “The Itsy Bitsy Spider”.



Soufle ti boul savon ak lè pitit ou pete yo, di “Pop!”



Envante ti rim komik ak non pitit ou, pa egzanp. “Èske Matt te chita sou chat la?”



Li kèk paj nan yon nouvo liv aprè nou fin li youn li pi renmen an!



Ede pitit ou aprann mo ak son pandan li ap deplase, lè ou sèvi ak rim ak batman men ritmik.



Etap tipik langaj

Sèvi ak jès tankou bat men, bay papach, epi souke tèt li pou di “wi”

Ap itilize anpil diferan son konsòn nan kòmansman mo yo

Fè efò di 1–2 mo ki gen sans, lòt pase ‘mama’ oswa ‘dada’

Swiv enstriksyon yo lè yo bay yo ak jès ansanm ak mo

Lè yo mande l, li kapab lonje dwèt sou youn oswa plizyè pati nan kò li

Konprann 50 mo, men li ka poko kapab di yo

Deteksyon bonè se entèvansyon

Pitit ou ap aprann tout tan! Antanke moun k ap pran swen, ou gen yon bèl okazyon pou gide yo sou yon chimen ki mennen nan siksè.



Pale ak founisè swen sante pitit ou a si pitit ou:



Pa reponn lè yo rele non li

Pa kenbe kontak je

Pa fè okenn efò pou kominike

Pa babye



Sous: Pathways.org

Lòt resous

[Pathways: Kominikasyon](#)

[Harvard University: Center on the Developing Child](#)

[Cox Campus](#)

[The Basics](#)

[Etap enpòtan
CDC yo](#)